

KANPE



PWOPAGASYON AN

Prevansyon pou maladi respiratwa yo se menm bagay la. Pou ede fè prevansyon kont enfeksyon:

**RETE AJOU AVÈK VAKSEN
KONT COVID-19 AK VAKSEN
KONT GRIP YO.**



**RETE LAKAY OU LÈ W SANTI
W MALAD.**

**POZE FOUNISÈ
SWEN SANTE W
LA KESYON SOU
OPSYON TÈS AK
TRETMAN YO.**



**PRATIKE BONJAN IJYÈN
POU MEN.**

**LAVE MEN OU
SOUVAN AVÈK
SAVON AK DLO
PANDAN OMWEN
20 SEGONN.**



**NETWAYE EPI DEZENFEKTE
SIFAS MOUN TOUCHE
ANPIL SOUVAN YO.**




**KOUURI
NEN W AK
BOUCH OU.**

**ITILIZE YON TWAL LÈ W
AP TOUSE OSWA
ESTÈNE.**



**SONJE METE YON MASK KI BYEN
CHITA NAN UIZAJ OU LÈ W NAN
ESPAS ANNDAN KI PLEN MOUN.**



VIRIS RESPIRATWA SENSISYAL (RSV)



KISA YON RSV YE?

Viris respiratwa sensisyal la oswa "RSV" se yon viris respiratwa ki komen ki bay sentòm tankou grip.

SENTÒM

Sentòm RSV parèt sou 4 a 6 jou apre moun nan fin enfekte, epi pou pifò timoun ak adilt, li **sanble ak yon grip** - sentòm ki pi komen ke li prezante yo se:



- Kous
- Nen K Ap Koule
- Lafyè
- Pèdi Apeti
- Kò Fè Mal
- Sansasyon Fatig
- Sifleman
- Entèniman



PWOTEJE TÈT OU KONT RSV

- Gen yon seri mezi esansyèl tout moun kapab pran pou ede evite transmèt RSV ansanm ak lòt viris respiratwa yo, tankou:
 - Kouvri bouch ou ak nen ou avèk yon twal oswa manch chemiz ou lè w ap touse oswa estène, men pa ak men w.
 - Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn.
 - Evite kontak sere avèk lòt moun, tankou bo, bay lanmen, ak bwè nan menm goblè ak manje ak menm istansil.
 - Netwaye sifas moun touche trè souvan yo tankou manch pòt ak aparèy mobil
 - Netwaye jwèt yo itilize an komen yo nan yon machin pou lave veso oswa avèk savon ak dlo cho pou evite tout eleman ki toksik.

KILÈ POU M RELE YON DOKTÈ?

- Erezman, pifò moun geri anba enfeksyon RSV a pou kont yo; sepandan, rele doktè w la touswit oswa **chèche jwenn swen ijans si moun gen nenpòt nan sentòm ki endike annapre yo:**
 - Fyè wo ki pèsiste (101.3 F [38.5 C] oswa pi wo).
 - Difikilte pou respire, tankou respirasyon oswa retraksyon kout, rapid, epi ki pa pwofon, kote pwatrin anfonse epi vant lan delate avèk chak kout souf.
 - Siy dezidratasyon
 - Refize bay tete oswa bay bibon
 - Iritabilite oswa inaktivite inabityèl
 - Po bouch yo ansanm ak pwent dwèt yo vin parèt ble

Sa W Dwe Konnen:

VIRIS RESPIRATWA SENSISYAL (RSV)

Kisa yon RSV ye?

- Viris respiratwa sensisyal la oswa "RSV" se yon viris respiratwa ki komen ki bay sentòm tankou grip.
- Pandan tout moun kapab trape RSV a, li se koz ki pi komen nan sa ki gen pou wè ak enfeksyon respiratwa, tankou bwonchit ak nemoni, lakay timoun ki gen pi piti pase laj 1 lane.
- Moun yo jeneralman kontajye pandan 3 a 8 jou epi yo ka vin kontajye nan youn oswa de (2) jou avan yo kòmanse prezante siy maladi a.

Kisa sentòm RSV yo ye?

Pifò moun ki gen RSV yo devlope sentòm nan 4 a 6 jou apre yo fin enfekte. Sentòm yo lakay pifò timoun ak adilt **sanble ak yon grip** epi yo pi souvan se:

- Kous
- Lafyèw
- Kò Fè Mal
- Sifleman
- Nen K Ap Koule
- Pèdi Apeti
- Sansasyon Fatig
- Entèniman

Kilè pou m rele yon doktè?

Erezman, pifò moun geri anba enfeksyon RSV a pou kont yo. Sentòm RSV yo jeneralman vin pi mal sou 3yèm jiska 5yèm jou maladi a. Rele doktè w la touswit oswa **chèche jwenn swen ijans si ou menm oswa pitit ou a gen nenpòt nan sentòm ki endike annapre yo:**

- Fyèw wo ki pèsiste (101.3 F [38.5 C] oswa pi wo).
- Difikilte pou respire, tankou respirasyon oswa retraksyon kout, rapid, epi ki pa pwofon, kote pwatrin anfonse epi vant lan delate avèk chak kout souf.
- Siy dezidratasyon
- Iritabilite oswa inaktivite inabityèl
- Refize bay tete oswa bay bibon
- Po bouch yo ansanm ak pwent dwèt yo vin parèt ble



Kijan yo fè prevansyon kont RSV a?

Gen yon seri mezi esansyèl tout moun kapab pran pou **ede evite transmèt RSV ansanm ak lòt viris respiratwa yo**, tankou:

- Kouvri bouch ou ak nen ou avèk yon twal oswa manch chemiz ou lè w ap touse oswa estène, men pa ak men w.
- Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn.
- Evite kontak sere avèk lòt moun, tankou bo, bay lanmen, ak bwè nan menm goblè ak manje ak menm istansil.
- Netwaye sifas moun touche trè souvan yo tankou manch pòt ak aparèy mobil
- Netwaye jwèt yo itilize an komen yo nan yon machin pou lave veso oswa avèk savon ak dlo cho pou evite tout eleman ki toksik

Kilè moun yo kapab tounen travay/lekòl?

Adilt ak timoun yo dyagnostike ki gen RSV yo dwe rete lakay yo pou jiska omwen **24 èdtan apre lafyèv la fin pase san yo pa pran medikaman**. Sepandan, si gadri yo oswa lòt etablisman yo deja gen yon pakèt moun ki gen maladi respiratwa, yo ka mande pou moun yo pase plis tan lakay yo (5 jou oswa plis apre maladi a kòmanse).

Pou tout kesyon, enkyetid, oswa konsèy anplis, rele Biwo Maladi Enfektye BPHC a nan 617-534-5611.

